

## Brèves littéraires

Brèves

### Mize

### Misère

Michel-Ange Hyppolite

---

Volume 8, Number 2, Winter 1993

URI: <https://id.erudit.org/iderudit/6100ac>

[See table of contents](#)

---

Publisher(s)

Société littéraire de Laval

ISSN

1194-8159 (print)  
1920-812X (digital)

[Explore this journal](#)

---

Cite this article

Hyppolite, M.-A. (1993). Mize / Misère. *Brèves littéraires*, 8(2), 52–52.

## Mize

Syèl-la bese ba  
 Anba solèy kale bobis  
 Youn chalè san limit  
 Fè remolin  
 Nan tout ti tou nan kò-m  
 Vant mwen pale langay  
 Youn ti chante blaze  
 T'ap vante nan bouch mwen

Men ! nan kè-m  
 Nan kè-m mezanmi gen youn rivyè  
 K'ap charye mizè  
 Tout anndan latè  
 Tèt mwen ap bay bann  
 Men lè m'apiye sou manmèl lavi  
 Nan bouch mwen li pise san

## Misère

le ciel tout bas  
 au soleil de l'ennui  
 la chaleur sans nom  
 suinte  
 de tous les trous de mon corps  
 mes entrailles parlent  
 en faim  
 un chant blême  
 s'éventa de ma bouche

mais au dedans  
 il y a une rivière  
 et son charroi de misère  
 de la terre aux confins  
 ma tête par la bande  
 s'appuyant contre ses seins  
 dans ma bouche pissé le sang